илимпазларымыздың жақсы билди ҳәм жемисли мийнетлер иследи. Бул тараўда М.Жумамуратованың мийнетин айрықша атап өтиў орынлы деп есаплаймыз. Алым бул мийнетинде сөз маржанын дизген халық шайырларының (Аяпберген Муўсаев, Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов, Тилеўберген Жумамуратов ҳәм т.б. *Ш.С*) дөретпелериндеги миллий қарақалпаққа тән бояўларды айдынластырады. Сол бояўлар түрлише жилўалана отырып, улыўма инсанлық идеалларға ушласып барғанлығын, бурыннан киятырған миллий халықлық дәстүрлерди жаңа жанрларда қайта сәўлелендирген халық шайырларының – қарақалпақ халқының руўхый турмысына тәсир жасаўдағы шайырлық күшин көрсетип бере алды. Бир-бирине устаз - шәкирт болған халық шайырларының бурыннан киятырған халық дүрданаларын кейинги әўладқа эстафета етип берип отырғанлығын, оны қабыллағанлар жаңа заманға жаңаша үн қосып, поэзияның шыңларына көтерилгенлигин өз әкеси Тилеўберген Жумамуратов мысалында тарқатып түсиндиреди, илимий анализлер жасайды.

XX әсирде усылай шынжырма-шынжыр жалғасып киятырған халықлық поэзия дәстүрлери 60-70 жылларға келип кең раўажланыў жолына түсти. Әййемнен киятырған бай аўызеки әдебиятымыздың дәстүрли жолы, өзине ылайықлы ғәзийнеси жазба әдебият пенен жүдә тығыз байланысып, толығып, түрленип, раўажланыўдың жаңа басқышларына көтерилди.

Профессор, белгили әдебиятшы алым Қуўанышбай Оразымбетов –XX әсирдиң соңғы 30 жыллығындағы қарақалпақ лирикасы мысалында көркем формалардың эволюциясы, оған ишки ҳәм сыртқы тәсирлердиң ақыбети, Шығыс ҳәм Батыс әдебиятларына тән формалардың «миллийлесиў» процесслери, форма менен мазмунның бир-бирине тәсири, бирлиги мәселелери бойынша салмақлы илимий изертлеўлер алып барғанлығын билемиз. Илимпаз лирика жанрына басқа ракустан барып, киши лирикалық қосықлардың формалық қәсийетлерин, лириканың айрықша формасы болған лирикалық топламлардың дүзилиў принциплерин анықлайды. Алымның изертлеў обектине алынған шайырлар: Т.Мәтмуратов, Ж.Избасқанов, Б.Генжемуратов, Ш.Сейтов, И.Юсупов, Т.Жумамуратов, М.Сейтниязов, Ә.Өтепбергеновлардың қосықларында да халықлық поэзиялық дәстүрлериниң озық үлгилерин ушыратамыз. Әсиресе, Шығыс көркем формаларының қарақалпақ лирикасындағы көринислерин сөз еткенде И.Юсупов, Ә.Өтепбергеновтың муҳаббатты тийкарғы тема еткен ғәзеллери, лирик қаҳарманның ышқы дәртин бериўдеги образлы сөзлеринде, мегзетиўлери менен салыстырыўларында миллий калориттиң ийиси аңқып турғанлығын көремиз.

Ғәрезсизлик дәўири лирикасында да кешеги классик шайырларамыздың үйрениў мектеби болған аўызеки әдебияты мийрасларының гөнермейтуғын сыры, әўладтан-әўладқа жетип, дәстүрлик жалғасын таўып атырғанлығын, халықлық поэзия дәстүрлериниң даўамлылығын көрдик.

Аўыз әдебиятындағы түрли аңыз-әпсаналардың бүгинги жәмийетке ылайықлап қосық болып өрилип, мәниси жағынан жаңаланыўлары, жеңил юмор, өткир сатиралардың берилиўи, муҳаббат-ҳижранды жырлаў, астарлы, аўыспалы мәни туўғызатуғын образлы сөзлер, нақыл-мақаллардың түрленип, жаңаланып бериўдеги шайырлардағы новаторлыққа Халила Дәўлетназаров, Базарбай Сейтаев, Оразбай Сәтбаев лирикалары мысалында поэзиясының көркемлик критериялары ушырасады.

**Әдебиятлар**


1. Нысанбаев Ә.Н.., Әбжанов Т.Ы. Қысқаша философия тарихы. − Алматы: Қазақ энциклопедиясы. 1999, 272-б.
2. Мәмбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. –Нөкис: 1993. 4-б.
3. Пахратдинов Ә. «Бердақ шайырдың дөретиўшилик жолы». Бердақ дүньясы. –Нөкис: 2008, 15-б.
4. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. –Нөкис: "Билим" 2004, 2-б.
5. Жумамуратова М. – Сөз маржанын дизгенлер. –Нөкис: "Қарақалпақстан", 1994.
6. Оразымбетов Қ. «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы». –Нөкис: 2005.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ поэзиясида халқ анъаналарининг ривожланиш босқичлари ҳақида сўз юритилади. Ушбу соҳадаги адабиётшунослик борасидаги тадқиқотлар ва машҳур олимлар ижоди ўрганилган. Халқ поэзиясининг адабиёт ривожидаги ўрнига диққат қаратилган. Шунингдек, «мустақиллик даври поэзиясида қандай янгиланишлар бўлди», «халқона анъаналар қандай роль тутди», каби саволларга жавоб изланади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются этапы развития каракалпакской поэзии, а также народные традиции в лирическом жанре в каракалпакской поэзии. Анализируются литературные исследования и работы известных учёных. Особое внимание уделяется роли и значению традиций народной поэзии в развитии литературы. Также автор пытается дать ответы на вопросы «Какие новшества наблюдаются в поэзии периода Независимости?», «Какова роль народных традиций?».

**SUMMARY**

The article deals with the stages of development of Karakalpak poetry, as well as, folk traditions in the lyrical genre in Karakalpak poetry. The research in literature and the work of famous scholars are analyzed. A special attention is paid to the role and importance of folk poetry traditions in the development of literature. The author tries to give the answers to the questions "What innovations are there in the poetry of the Independence period?","What is the role of folk traditions?"


# МУҲАББАТ ТЕМАСЫН ЖЫРЛАЎДАҒЫ ХАЛЫҚЛЫҚ ДӘСТҮР МЕНЕН САБАҚЛАСЛЫҚ

(Х.Даўлетназаров, Б.Сейтаев, О.Сәтбаев поэзиясы мысалында)


**Ш.А.Смамутова–** *ассистент оқытыўшы*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** лириканинг асосий белгилари, мустақиллик даври шеърияти, ижодкор услубининг ўзига хослиги, поэтик тил, маҳорат сирлари, мустақиллик йилларида муҳаббат лирикасининг куйланиши.

**Ключевые слова:** особенности лирики, поэзия периода независимости, особенности индивидуального стиля поэтов, язык поэзии, секреты мастерства, воспевание любовной лирики в годы независимости.

**Key words:** reculiarities of lyrics, poetry of the Independence period, features individual style of poets, language of poetry, secrets of skill, love lyricism in the years of Independence.


Ышқы-мухаббат, ҳижран азаплары, Ўатанға муҳаббат және Ўатан алдындағы перзентлик ўазыйпа, миллет тәғдири ушын жан күйдириў, өз гезегинде, халқы менен мақтана билиў, сүйген яр, анаға болған мухаббат-бул мәңгилик өлмейтуғын темалар. Қарақалпақ лирикасы тарийхына нәзер таслағанымызда аўызеки әдебияты үлгилеринен, Шығыс әдебияты арқалы жетип келген жыр - дәстанлардан мухаббат лирикасының әжайып үлгилерин көремиз.

XIX әсирге келип қарақалпақ поэзиясында муҳаббат лирикасының көшин баслаған Әжинияз шайыр болып есапланады. «Лириканың жанрлық талапларына толық жуўап беретуғын муҳаббат қосықлары дәслепки мәртебе тек XIX әсир қарақалпақ поэзиясында, анығырақ айтсақ, Әжинияз дөретиўшилигинде көринеди, олар өз алдына жанр болып қәлиплеседи ҳәм пүтин бир философиялық концепция дәрежесине көтериледи» [1:107].

XX әсирдиң 60-жылларына келип Шаўдырбай Сейитов, Ибрайым Юсупов, Байнияз Қайыпназаров, Тәжетдийин Сейтжанов т.б. шайырлар менен толысты, олардың терең лиризмге толы муҳаббат косықлары поэзия шайдаларының дәртине даўа, жарасына мәлҳәм болды. Шайырлық жолына қәдем қойып, қәлем услаған шайырлардың қай-қайсысы болсын муҳаббат темасында жазады, бирақ барлығы сәтли бола бермейди.

Өткен әсирдиң 70-80-жыллары әдебиятымызға күшли шайырлар топары кирип келгенлигин көрсетти. Солардың ишинде, Халила Дәўлетназаров, Оразбай Сәтбаев, Базарбай Сейтаевлардың поэзиясының орны гиреўли болып, шайырларымыз ғәрезсизлик дәўирине келип поэзияның жаңаша соқпағын қәлиплестирди.

«Халила Дәўлетназаров әдебиятқа 1970-жыллардың орталарында кирип келди ҳәм сол ўақыттан баслап поэзияның «қызғаныш, дәрт арбасына жегилди».. романтикалық ойлары әдебият дүньясына жаңа шайыр араласқанын хабарлады» [2:3].

Халила қосықларының диапазоны кеңлиги муҳаббат темасын жырлаўында да айрықша көзге тасланады. Шайырдың муҳаббаты - Уатан, туўылған ел, жер муҳаббаты менен қосылып қарылған қайсар ҳәм нәзик муҳаббат. Ондағы миллийлик, жигит пенен қыз арасындағы ҳадаллық, пәклик, садықлық, қумарлық ҳәм т.б. лиризмди күшейтип турады, оларды образлы сөзлер менен бериўдеги шайырдың шеберлиги айрықша. //Бунда белли болар, ким нәмәрт, ким мәрт.//Ақыл киритер, я делбе етер дәрт.//

Ләбке ләб қойылып мөрленеди шәрт,//Оның исмиң-жисмин муҳаббат дейди.// [5:26].

Қосық қатарлары бизге ерксиз халық аўызеки әдебиятындағы, шығыс әдебиятындағы ашықлық дәстан қаҳарманларының романтикалық образларын көз алдымызға әкеледи. Ашық жолында делбе болған Мәжнүн, көзсиз ерлик хәркетлерге барған Фархадларды бундай ҳалатқа салған сол ярдың ләбке-ләб тийген пайытларындағы жүрегине мөрленген мухаббаты.

Х.Дәўлетназаровтың муҳаббат лирикасын хронологиялық тәрептен изертлеп көргенимизде, жанрлық ҳәм психо-философиялық мазмуны жағынан үзликсиз раўажланып отырғанлығы көзге тасланады. Жаслық жылларындағы муҳаббат қосықларында романтикалық пафос күшли болса, жасы ортаға барғандағы қосықларында ойшаңлық, айралықтың дәртли азабы, қолы жетпеген ярдың ышқында иштен күйип өртениў сыяқлы трагедияны көремиз. Усы жанрдағы қосықлары бизге Әжинияз шайырдың айралық қосықларын еслетеди. //Муҳаббат дус келип ығбал бағында, //Гүл етип көгерттик тап қас қағымда.// Қәдир түниндеги мегзеп сағымға,//Бир иләҳий сәўле ядыма түсти [6:15].

Халила шайыр муҳаббатты жырлаўда түрли характерлерди берип, түрленип, өзгерип отырады. Гейде ол жүдә сыпайы, әдепли − сүйгенине сыртынан ашық, бийқарар болып иштеги отына өзи күйип, ҳижранның тикенли көйлегине жанын тырнатып жүрген қусалық муҳаббаттың ийеси. Ал, енди гейде иштеги урқан атқан сол туйғыларды ҳеш бир идеология қысымы, диний исеним услап туралмаслығын, сезим менен жүрек күшине мингенде ақылдың орын берип турар пайытларын, сезимниң шыңына шыққан ҳалатларындағы физиологиялық қәсийетлерин ашық сүўретлеп береди. //Оның ақ сийнесин аймаладың ба,//Қошша нар үстинде тайғанадың ба,// Мен айтар гәпимди майдаладым ба, //Жәннет тымсалындай бахытлы төсек [6:64].

Х.Дәўлетназаровтың бундай инсан бойындағы эстетикалық ләззет сезимлерин ашық айтыўын европалық эстетикалық талғам менен салыстырыўы мүмкин, ямаса бул надурыс, ментилитетке ылайықсыз деген пикирлер ушырасыўы мүмкин. Бирақ, биз буған келиспеймиз. Ишки туйғыларды булай әшкара айтыў аўызеки әдебияты ҳәм ертеден киятырған шығыстын жазба әдебияты мийрасларында да буған көплеген мысалларын таба аламыз. («Мың бир түн», «Тотынама», «Қалила ҳәм Димна») Қазақтың «Қамбар батыр» дәстанында жарлыдан шыққан мәрт жигит Қамбарға ашық болған Назым сулыўдың ис-ҳәрекетлерин қалайынша жаман баҳа бере аламыз. //Ханға теклес Қамбар-аў,//Ақ төсимниң үстинде жан тиймеген мал бар-аў, //Үйимизге түссеңши, шайымыздан ишсеңши...//

Бул қыздың әдепсизилин емес, өзиниң ҳақыйқый адамын, сүйиклисин таныл-билиўдеги ақыллығы, жигиттиң ықласын өзине тартыўға болған жан ҳалаты деп дурыс түсиниўимиз керек. Мине, усындай халат Халила шайырда еркек тили менен айтылады ҳәм айрықша тәсир күшине ийе болады: //Аппақ әрманларға, саған оранып, //Жатқандур жан-тәни өртенип-жанып. //Қасынан азымаз жай бер деп соранып, //Үмидиўар болдым бахытлы төсек…// [5:4].

Еки ашықтың арасындағы интимлик ҳәрекетлердиң булай ашықтан-ашық айтылыўы менен шайырдың турпайылығын емес, керисинше усыншама татлы сезим менен ўақытша қумарлық, симпатияны айырып билиў кереклигин уқтырып, оқыўшысының эстетикалық, мораллық саўатлылығын раўажландырып отырады деп ойлаймыз. Биз усындай лирика арқалы ҳақыйқый гөззаллық пенен жасанды гөззаллықтың парқын ажырата билетуғын талғамы жоқары оқыўшыны тәрбиялаўымыз керек.

Шайырдың муҳаббат темасында жазған қайсы қосығын алып қарамайық, заман толғанyслары желдей есип турады. Шайырдың «Тәғдир жазса сүймесиңди сүйерсең», «Ышқың тыйыбы көксимде қалсын», «Жүр екенсең сен қандай болып..», «Муҳаббат тилинде сөйлер көзлериң», ҳәм т.б.қосықларында муҳаббат лирикасы ҳақыйқый, сулыў муҳаббатты қәстерлеп, абайлайтуғын терең ойға, сүйиспеншилик сезимге толы дөретпелер екенлигин аңлаймыз.

Оразбай Сәтбаевтың да жүдә изленимпаз, мийнеткеш шайыр екенлиги, халықлық поэзияны булақ суўындай симирип, қанып ишкени қосықларында айқын сезиледи. Оның муҳаббатты өзинше. Ана Уатан, тәбият ҳаққындағы қосықларындағы теңеўлердиң бийтәкрарлығы менен айрықшаланады. «О.Сәтбаев ҳәр қандай тема менен идеяның ең алды менен лирик қаҳарманлар жүрегинде пухта писирип алынса, усыннан кейин қағазға түсирилсе оқыўшылар жүрегинен беккем жай алатуғынлығын дурыс аңлайды» [3]. Шайырдың төмендеги қосық қатарларында биз аўызеки әдебияттағы халық қосықларында көп ушырататуғын «алмадай», «гүлдей» деген теңеў сөзлерди бериўдеги усылы да басқаша. Әйне, «уўылжып пискен алмадай ширелилик», «қыздың денесине тырысып турған көйлегиниң көк реңи», жүзиниң қызыл гүлдей қызарыўы көз алдымызда сәўлеленип, көз қамастырар кәўмет пенен сулыўлыққа деген заўқыңды асыра түсип, пишими қолдан қуйғандай мәлийка ушын жигиттиң жанын берсе де арзыйтуғынлығын айтқанда ертеклердеги ҳүр қызын алдыңа тирилтип әкелгендей болады. Миллий көк

көйлек кийип тауланған қарақалпақ гөззал қызыма дейсең. Ал, енди бирде сол қызлардың қызыл көйлек кийип, нарттай жанып, қырдың «қызыл гүлиндей» тауланыўы, «қуймақтай қуйылыўы», «қамыслықтан айдын суў таўып жуўыныўы», «мақпал шашлары бөксесин жаўып қубылыўы»н жанлы сүўретлеп береди:

Қырдың қызыл гүлине мегзеп,//Сен бүгин де нарттай жаныпсаң.// //Қуймақтайын қуйылып түскен, //Қызыл көйлек кийип алыпсаң. //Қамыслықтан айдын суў таўып, //Жуўынғаның қандай шырайлы.

//Мақпал шашың бөксеңди жаўып, //Қубылғаның қандай шырайлы![6:16].

Сексенинши жыллардың басында танылa баслаған Базарбай Сейтаевтың қәлеминен заманласларының дәртин-муңын, арзыў-әрманларын жырлап, адамгершиликти улығлайтуғын, тәбият гөззаллығын сүўретлейтуғын қосық дүркимлери дөреди. Шайырдың муҳаббат лирикасының бояўы қанық, сырлы, темпераментли болып келеди. Кеўилди толғандыратуғын сүўретли теңеўлер, көркемлик қуны жоқары болып келетуғын уйқаслар, оқыўшысының жүрек тарын шертип, жанлы картиналарды көз алдымыздан өткизеди. «Базарбай Сейтаев қосықларында бай фольклорлық мийрасларымыздан, халық шайырларынан көбирек үйренетуғынлығы, «Мақтымқулы» жолына садықлығы бирден көзге тасланады. Сондай-ақ, ол батыс ҳәм шығыс деп аталған дүнья әдебиятынан хабардар болыў менен бирге Өзбекстан қаҳарманы Абдулла Арипов ҳәм Өзбекстан Халық шайыры Мухаммед Юсуптен, туўысқан қазақ поэзиясының ири тулғалары Қадир Мырзалиев пенен Мухтар Шахановлардан көбирек үйренетуғынлығы айрықша сезилип турады» [4:2].

Шайырдың муҳаббат лирикасында халықлық поэзияға тән адамгершилик (гуманистлик) ырғақлар, дидактикалық мотивлер алма − гезек жырланады. Сонлықтан да, шайыр қосықлары окыўшысының жүрегине жыллы тийеди, оны толқытып, йошландыра алады. //Қумай көзлер барар яндырып, //Тақат қашшан меннен безгени. //Ой тарнаўын дегиш алдырып, //Абыржыйды ышқы сеңлери…// [7:114].

«Тарнаўдың дегиш алыўы», «Абыржыған сеңлер» сыяқлы салыстырыўларды, муҳаббаттың дәрьясына жүзген ашықтың ҳалатын бериўде де миллий сыпатларымызды көриў қыйын емес. Бурқасынлы, тасқынлы дәрьяның әтирапында өмир сүрген халқымыздың тилинде усындай салыстырыўлардың болыўы тәбийий нәрсе. «Ой тарнаўын дегиш алып», «ышқы сеңлери абыржыўы», «қумай көзлер»диң тутқыны болған ашықтың психологиялық аўҳалынан дерек берип, оқыўшысын да бийпарқ қалдырмайды.

Базарбай Сейтаев қосықлары қурғақ ўаз, кесте – схемадан жырақ турады, ярдың қумай көзлерине бенде болған ашықтың ой тарнаўын дегиш алып, ышқы сенлери абыржып, өз ақылына жуўап бере алмаслық дәрежеде толқыўы күшли мухаббат құдиретинен дерек берип, сезим жетегинде лирикалық қаҳарманның ишки ҳалатын анық көрсетеди. Б.Сейтаевтың «Еки жүрек – бир пүтин алма», «Сен киятырсаң…», «Әжайып қызсаң», «Бир поса бер, Ҳүкимдарым!..», ҳәм т.б. лирикалық қатарларда мухаббаттың тилсимли күшине қанық болған ҳәм соны жоқары пафоста жырлай билген шайыр таланты менен сезим тазалығын мойынлайсаң. Себеби, рус шайыры А.Межиров айтқандай, муҳаббатты басынан өткермеген адам тәсирли жаза алмайды. Хафиз Ширазий сулыўдың қоша қалы ушын Самарқанд ҳәм Бухараны инам еткен болса, бизиң шайырымыз Хафизден де сақый шығады. Б.Сейтаев: − Жаяў гезсем қайылман мен,// Сен деп әлем дөгерегин,// Қаймағына ләблериңниң,// Жети ықлымды берер едим.// [7:112].

Арыў жананының ләбиниң каймағы ушын әлем дөгерегин жаяў гезип, ол ушын жети ықлымды бериўге қайыл сақыйлық, тек ҳақыйқый ышқы мәжнүнлерине тән қәсийет. Жан тазалығы, сезим азадалығыан дерек береди.

Х.Дәўлетназаров, О.Сәтбаев, Б.Сейтаевлар қарақалпақ поэзиясына айрықша пәрўазы менен келип, бийик шыңлардан туғыр тапқаны ҳақыйқат. Шайыр халқы дүньядағы барлық шынлықты, ҳақыйқатты өз қосықларына қосып, өзгериўшең заман ҳәм сыныгы мол турмыстан алған сабақларын шайырлық интуиция, сезим арқалы тартынбастан ашық айта алады. Тереңнен толғанады, философиялық жуўмақ шығарады. Қарақалпақларға тән миллий қәсийетлер, халықлық ибаралар шайырлар тилинде, көркем түс алып жанланып отырады.

## Әдебиятлар


1. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қасийетлери ҳәм раўажланың тарийхы. –Нөкис: “Билим”, 2004, 107-б.
2. Есемуратов Г. «Шайыр жаныў керек». / «Қарақалпақстан жаслары» 16.05.2002.
3.Турдыбаев Қ. Ғәрезсизлик дәўириндеги қаракалпақ поэзиясы. -Н.: “Қарақалпақстан” 2011.
4. Юсупов И. Шайырдың шыңланыў шағы». –Нөкис: “Билим”, 2007.
5. Даўлетназаров Х. Ашық болып жасаң. –Нөкис: “Билим”, 2012.
6. Сәтбаев О. Ай сығалайды. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1992.
7. Сейтаев Б. Алма гүллеген пасыл. –Н.: “Билим”, 2007.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада мустақиллик даври қорақалпоқ шеърияти таҳлилга тортилган. Х.Давлетназаров, О.Сатбаев, Б.Сейтаевнинг муҳаббат лирикаси ўрганилган. Лирикадаги халқона мотивлар, дидактиканинг янгича турлари мисоллар билан кўрсатилган. Ўрни билан олдинги тадқиқотларга ҳам мурожаат қилинган. Шунингдек муҳаббат лирикаси талқинидаги услубий ўзига хослик масаласи ўрганилган.



**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы развития каракалпакской поэзии в годы независимости на основе анализа произведений поэтов Х.Даулетназарова, О.Сатбаева, Б.Сейтаева. Показано как расрывается тема любви, а также народные мотивы в творчестве поэтов.



**SUMMARY**

The article deals with the issues of development of Karakalpak in poetry. The years of Independence on the basis of the analysis of the works of the poets Kh.Dauletnazarov, O.Satbaev, B.Seytaev. The author shows how the theme of love and folk motives are expressed in the creative work of the poets.